


**Dr. H. TATA SUKAYAT, M.Ag.**

# Wejangan ti Paimbaran

Bag-Bagan jeung Conto Hutbah



**PANGJAJAP**  
**Prof. Dr. H.M. DIDI TURMUDZI, M.Si.**  
Pupuhu Paguyuban Pasundan



# Eusi Seratan

---

Eusi Seratan v

Pangjajap Pupuhu Pengurus Besar Paguyuban

Pasundan: Prof. Dr. H.M. Didi Turmuzi, M.Si. vii

Pangjajap Nu Nyerat xi

## 1 Pangjajap Prak-Prakan Hutbah 1

HARTI HUTBAH 1

HUKUM HUTBAH 3

SUSUNAN HUTBAH 6

SARAT-SARAT HUTBAH JUMA'AH 8

RUKUN HUTBAH 12

SUNAT HUTBAH 15

PERKARA ANU MAKRUH DINA HUTBAH 18

BEDANA HUTBAH JUMA'AH JEUNG ID 19

SABABARAHA KHILAFIAH NGEUNAAN SARANA HUTBAH  
JEUNG SAMÉMÉH HOTIB NAÉK MIMBAR 20

## 2 Naskah Hutbah Juma'ah 27

HUTBAH JUMA'AH KAHJI 27

Islam jeung Nasionalisme 27

Ngawangun Nagri Walagri Numutkeun Atikan

Nabi 32

Ngubaran Payakit Korupsi 36

Iman jeung Takwa Modal Ngawangun Bangsa 43

Sifat-Sifat jeung Kauntungan Jalma Takwa 49

Nanjeurkeun Kaadilan Bukti Takwa 56

Ulama jeung Umara Kudu Ngahiji 61

Ukhuwah Dina Persatuan Bangsa 66

Kawajiban Nyuprih Élmü 72

Ngajauhkeun Sikep Awuntah 76

Rancagé Kana Gawé	80
Sangkan Tani Sugih Mukti	86
Miara Kaberesihan Batin	91
Miara Kaberesihan Lahir	96
Miara & Ngajaga Alam	100
Metik Hikmah kana Gumelarna Nabi Muhammad Saw.	105

HUTBAH JUMA'AH KADUA 110

**3 Naskah Hutbah Idul Fitri 113**

HUTBAH IDUL FITRI KAHJI 113

Wanoh ka Diri, Pasti Wanoh ka Gusti 113

Nanjeurkeun Ajén Puasa Romadon 120

HUTBAH IDUL FITRI KADUA 125

**4 Naskah Hutbah Idul Adha 127**

HUTBAH KAHJI IDUL ADHA 127

Nulad ka Kanjeng Nabi Ibrahim 'Alaihissalam 127

Kasoléhan Nu Diwangun ku Ajén Idul Adha 134

HUTBAH KADUA IDUL ADHA 140

Daftar Pustaka 143

Acining Hirup Pupuhu PB Paguyuban Pasundan 145

Acining Hirup nu Nyerat 147



# Pangjajap Pupuhu Pengurus Besar Paguyuban Pasundan

Prof. Dr. H.M. Didi Turmudzi, M.Si.

---



*Bismillâhirrahmânirrahîm*

*Assalamu'alaikum Wr.Wb*

Sampurasun

Sateuacan Islam asup ka Tatar Sunda, urang Sunda geus ngagem rupa-rupa kapercayaan, anu diwaris ti karuhun turun-tumurun. Kapercayaan urang Sunda kantos kalindih ku ajaran anu datang ti India, nyatana agama Hindu jeung Buddha.<sup>1</sup> Ari kapercayaan asli Tatar Sunda saméméh Hindu jeung Buddha mah, numutkeun pamendak para ahli, katelah kapercayaan *Jati Sunda* atawa *Sunda Wiwitan*. Kecap *Sunda* asal-muasalna tina *Sund*, anu hartina alus, hadé, atawa sakur-sakur perkara anu ngandung unsur kahadéan. Numutkeun pamadegan Haji Hasan Mustapa, istilah *Sunda* asalna tina kecap *Sundek*, hartina alus sacara harti jeung hakekatna.<sup>2</sup> Sedengkeun

1 Nina Herlina Lubis, *Sejarah Tatar Sunda*, (Bandung: Lembaga Penelitian Universitas Padjadjaran. 2003), jilid ka-1, kaca 155.

2 Hasan Mustapa, *Adat Istiadat Sunda*, (Bandung: PT. Alumni. 2010), kaca 225. Harti Sunda, lamun ditalungtik tina harti tempat atanapi wewengkon, nyaéta ngaran hiji wewengkon anu disebut Sunda. Numutkeun pamendak Edi Suhardi Ekadjati, yén anu mimiti nyebut "Sunda" téh ahli ilmu bumi ti Yunani, anu ngaranna Ptolemaeus dina bukuna anu medal taun 150 Masehi. Sakumaha anu dicutat ku Atmamihardja, ceuk Ptolemaeus aya tilu pulo anu disebut Sunda anu ayana wétaneun India. Dumasar hal éta, ahli-ahli ilmu bumi Eropa ngagunakeun ucapan Sunda dina méré ngaran pikeun wewengkon oge sababaraha pulo anu aya di belah wétan India.

wiwitan hartina awal pisan, asal, pokok, atawa jati. Cindekna *Sunda Wiwitan* téh mangrupa saniskara kayakinan masarakat Sunda anu mimiti (asli).<sup>3</sup>

Sakumaha parantos disaurkeun di luhur, yen kayakinan Sunda Wiwitan, kantos kasilih ku datangna Hindu jeung Buddha. Ti harita agama asli Sunda mimiti keuna ku owah. Paripaosna jati kasilih ku junti. Salah sahijina mangaruhan kana konsép Dzat Sahiji Anu Maha Ngersakeun, nyaéta *Batara Tunggal*. Munculna kayakinan Sunda kana konsép déwa-déwa, jelas éta pangaruh ajaran agama *impor* ti India téa. Tug dugi ka ayeuna, urang Sunda Baduy mah di Banten miboga kayakinan yén *Batara Tunggal* geus nurunkeun sababaraha Batara, nu katelah *Batara Cikal*, *Batara Patanjala*, *Batara Wisawara*, *Batara Wisnu*, *Batara Brahma*, *Batara Hanu Niskala*, jeung *Batara Mahadéwa*.<sup>4</sup> Sebutan-sebutan éta *Batara*, natrat kacida hasil tina pangaruh Hindu anu asalna ti India nu jelas patojaiah jeung kayakinan asal urang Sunda nu yakin ka Dzat Batara Tunggal.

Tah nalika Islam asup ka Tatar Sunda, mawa konsép kayakinan nu luyu jeung kayakinan Sunda nu asal, nyaéta pasrah jeung sumerah diri hungkul ka Dzat Nu Ngan Sahiji (*monoteisme*, *tauhidullâh*). Ngan bedana, lamun baheula dina kayakinan Sunda Wiwitan disebutna Dzat *Batara Tunggal*, ayeuna dina konsép tauhidullâh ajaran Islam éta Dzat téh disebut Allah (*Lâ Ilâha Illallâh*). Luyu sareng papagon: "*Munjung ulah ka gunung, muja ulah ka sagara, munjung ulah ka indung, muja ulah ka bapa. Munjung ka Allah nu Maha Agung, muja ka Allah Subhanuhu Wata'ala*". Éta pamadegan luyu sinareng pidawuh Allah dina Al-Quran Surat Al-Israa' [17] ayat 23.

Kusabab konsép *tauhidullah* Islam luyu pisan jeung dasar kayakinan pituin Sunda, munasabah lamun konsép *teologi* Islam didama-dama ku sakumna urang Sunda. Sabab Islam dianggap wujud tina *fitrah* Sunda nu sajati (*monoteisme*), nu salila ieu geus kagamahan ku konsép-konsép politeisme India.

Salian ku konsép *teologi*, dalitna Islam jeung Sunda téh deuih ku atikan ahlak jeung *mu'amalah* dina hirup kumbuh di alam dunya. Urang Sunda sacara turun-tumurun geus wanoh jeung ngalarapkeun atikan karuhun Sunda nu adiluhung, nu luyu pisan jeung ajaran Islam nu kacida mentingkeun

3 Umumna pada yakin yén Sunda Wiwitan téh kapercayaan masarakat Sunda mimiti (asli), Edi S. Ékadjati, *Kebudayaan Sunda: Studi Pendekatan Sejarah*, (Jakarta: Pustaka Jaya, 2009), jilid ke-1, cet. Ke-9, kaca 62

4 Anis Djatisunda, *Baduy Rawayan Urang Kanékés*, (Bandung: Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa barat, 1993), kaca 3.

ajaran ahlak. Sakumaha pangandika Kangjeng Nabi Muhammad Saw.: "Saés-tuna Kami diutus pikeun nyampurnakeun akhlak mulya".<sup>5</sup>

Contona baé, masarakat Sunda miboga atikan luhung: "Silih asah, silih asih, jeung silih asuh". Éta téh luyu sareng pidawuh Kangjeng Nabi Muhammad Saw.: "*Sikep jalma anu iman mah pasti soméah, mangka teu aya kahadéan pikeun jalma anu henteu miboga sikep soméah. Salian ti éta, saalus-alusna manusa nyatana jalma anu pang mangpaatna pikeun manusa séjénna*" (HR. Thabrâni jeung Dâruquthni). Conto séjén, urang Sunda miboga atikan: "Balabah soméah hadé ka sémah" nu luyu sinareng pidawuh Kangjeng Nabi Muhammad Saw.: "*Sing saha nu ngaku iman ka Allah jeung ka poé ahir, prak mulyakeun sémah*". Pon kitu deui, dina usaha pikeun nedunan tujuan hirup, urang Sunda ngabogaan sikep siger tengah (wajar) nu luyu jeung ajaran Islam nu katelah ku konsép *ummatan wasathan*, umat anu pertengahan.

Salian ti éta, urang Sunda salaku pribadi digambarkeun ku tingkah laku jeung budi basana. Ku sabab éta urang Sunda, miboga sikep "kudu hadé gogog hadé tagog", jeung "nyaur kudu diukur, nyabda kudu diungang" sarta atikan "sacangreud pageuh, sagolék pangkék". Ieu atikan téh luyu pisan jeung ajaran utama agama Islam, saperti kaunggel dina hadis, "*Panghadé-hadéna jalma, nyaéta nu méré mangpaat ka jalma séjénna*".

Bakating ku dalitna antara Islam jeung Sunda, dugi ka dipokeun ku H. Endang Saefudin Anshari mah kalayan kecap: *Islam téh Sunda jeung Sunda téh Islam*.<sup>6</sup> Basa sim kuring mah, dina ngabéjér-béaskeun Islam jeung Sunda téh lir ibarat uyah jeung asinna atawa gula jeung amisna.

Éta kaayaan jeung kayakinan nu kalintang agungna nu wajib dijaga diriksa ku sakumna urang Sunda, ulah dugi ka pupus ku waktu laas ku mangsa. Komo nyanghareupan sagala cucuk rungang kahirupan jaman kiwari nu lewih beurat alah batan jaman kamari. Urang Sunda kudu bisa *ngajiga, ngajega, ngajaga*, jeung *ngajago* dina sagala widang tur sagala mangsa. Keur ngawujudkeunana, diperlukeun tarékah nu leuwih sosisoson ti sakumna urang Sunda.

Tah dina raraga éta, utamina méré "kado" Milangkala Paguyuban Pasundan ka-105, sim kuring salaku Pupuhu Pengurus Besar Paguyuban Pasundan asa mobok manggih gorowong, nugar cadas manggih emas, ku

5 Muhammad Nashir al-Din al-Albâni, "*Silsilah al-Ahadits al-Shahihah*", tina *Maktabah Syamilah*.


6 Ajip Rosjidi, *Mencari Sosok Manusia Sunda*, (Jakarta: Pustaka Jaya. 2010), kaca 50.

ayana tarékah Ki Adi, Tata Sukayat nu parantos nyusun hiji naskah buku basa Sunda nu dijudulan *Wejangan ti Paimbaran*. Eusina patali sareng dadaran papagon biantara kaagamaan (hutbah), dilengkepan ku mutiara naséhat hutbah Juma'ah nu kalintang mundel, mutiara naséhat hutbah Idul Fitri sareng Idul Adha nu tiasa langsung dianggo hutbah sareng biantara ku para wargi sadaya hususna para hotib ogé mubalig. Copélna bisa jadi tambahan bacaan keur urang sadayana.

Eusi ieu buku luyu pisan sareng visi oge misi Paguyuban, yén Paguyuban Pasundan diadegkeun pikeun ngaraketkeun tur ngawangun duduluran jeung jiwa nasionalisme ogé ningkatkeun pangaweruh rakyat Indonesia. Mudah-mudahan ku hadirna ieu buku jadi pangrojong pikeun kamajuan umat jeung masarakat Sunda dina nyuprih kabagjaan dunya rawuh ahérat. *Âmin*.

*Wassalâmu'alaikum Wr.Wb.*

Bandung, September 2018



**Prof. Dr. H.M. Didi Turmuzi, M.Si**



# Daftar Pustaka

---

## *Al-Quran al-Karim*

- Abd al-Baqi, Muhammad Fu'ad. t.t. *Al-Mu'jam al-Mufahrats li Alfazh al-Qur'an al-Karim*. Beirut: Dar Ihya al-Turats al-'Arabi
- Abdul Azis, Amin. 1996. *Al-Da'wah, Quwaid wa Ushul*. Mesir: Dar al-Da'wah.
- Abi al-Fida, Isma'il ibn Katsir Al-Qursy al-Dismaqi, *Tafsir al-Qur'an al-Karim*. Asia: Sirkah al-Nur.
- Al-Dimyathi, Ibn al-Sayyid Muhammad Syatha. t.t. *Hasyiah lanat al-Thalibin ala halli al-Fazh Fath al-Mu'in*, Juz II. Beirut: Dar al-Fikr.
- Al-Fairuzzabadi, Abu Thahir Muhammad bin Ya'kub. t.t. *Tanwir al-Miqbas min Tafsir ibn Abbas*. Jeddah: Al-Haramain.
- Al-Ghazali, Abu Hamid Muhammad bin Muhammad. t.t. *Ihya Ulum al-Din*, Juz I. Semarang: Toha Putra.
- Al-Hafizh, Ibn Rusydi. t.t., *Bidayah al-Mujtahid wa al-Nihayah al-Muqtashid*, Beirut, Dar al-Fikr
- Al-Hasyimi, Sayid Ahmad. t.t. *Mukhtar al-Abadits al-Nabawiyah*. Semarang: Usaha Keluarga.
- Al-Husaini, Imam Taqiyuddin Abu Bakar bin Muhammad. t.t. *Kifayah al-Akhyar*. Beirut: Dar al-Fikr, Beirut
- Al-Jailan'i, Jamaluddin. 1357 H. *Nusb al-Rayah li Ahadits al-Hidayah*. India: Majliz Ilmi.
- Al-Jauzi, Ibn al-Qayim. 1998. *al-Tafsir al-Qayim*. Beirut: Dar al-Fikr.
- \_\_\_\_\_. 1989. *Al-Dawa al-Dawa*. Makkah: Maktabah Tijaniyah.
- Al-Jaziri. 1972. *Kitab al-Fiqh ala Madzahib al-Arba'ah*. Beirut: Dar al-Fikri.
- Al-Jurjani. t.t. *Al-Ta'rifat*. Mesir: Mustyhafa al-Bab al-Halabi.
- Al-Khalani, Muhammad Ibn Ismail. t.t., *Subul al-Salam Syarh Bulug al-Maram Min Jam' Adillah al-Ahkam*, Juz II. Bandung: Dahlan.
- Al-Maliki, Ahmad al-Shawi. t.t. *Tafsir al-Jalalain*. Semarang: Toha Putera.
- Al-Maraghi, Muhammad Musthafa. 1974. *Tafsir al-Maraghi*. Beirut: Dar al-Fikr.
- Al-Nawawi, Muhyidin Abi Zakariya Yahya bin Syarifuddin. t.t. *Riyad al-Shalihin min Kalimat Sayid al-Mursalin*. Semarang



\_\_\_\_\_ t.t. *al-Adzkar*.

An-Najjar, Amir. 1995. *Pedoman Shalat*. Penerjemah: Abu Amal Nahdi. Bandung: Gema Risalah Press.

Al-Syarbashi, Ahmad. t.t. *Yasalunaka fi al-Din wa al-Hayat*, Jilid I. Beirut: Dar al-Jail.

Al-Syaukani, Muhammad bin Ali Ibn Muhammad. 1973. *Nail al-Authar Syarh Muntaqi al-Akhbar*, Juz III. Beirut: Dar al-Fikr.

Ash-Shabuni, Muhamad Ali. 1976. *Shafwat at-Tafasir*. Makkah al Mukaramah: Dar al-Fikr.

\_\_\_\_\_ t.t. *Rawa' al-Bayan fi Tafsir Ayat al-Ahkam*, Juz II. Beirut: Dar al-Fikr.

Balyai, Agus Chodir. 1994. *Kedudukan Adzan Jum'at Dua Kali dan Shalat Qabla Jum'at*. Bandung: Khusnul Khatimah.

Dahlan, H.M.D. 1993. *Asbabun Nuzul Latar Belakang Historis Turunnya Ayat-ayat Al-Qur'an*. Cétakan ke-15. Bandung: CV. Dipenogoro.

Ghaluswy, Ahmad. 1987. *Al-Da'wah al-Islamiyah*. Kairo: Dar-al-Kitab al-Mishr.

Harun, Salman., dkk (ed.). 1997. *Ensiklopedi al-Qur'an*, Jakarta: PT. Intermasa.

Munawwir, Ahmad Warson. 1984. *Al-Munawwir Kamus Arab-Indonesia*. Yogyakarta: Pondok Pesantren Krapyak.

Qutub, Sayyid. 1986. *Fiqh al-Da'wah*. Jakarta: Amani Press.

Rakhmat, Jalaluddin. 1996. *Islam Aktual Refleksi Seorang Cendekiawan Muslim*. Cétakan VIII. Bandung: Mizan

Rahardjo, Dawan. M. 1996. *Intelektual Intelegensia dan Perilaku Politik Bangsa*. Cétakan III. Bandung: Mizan.

Rasyid, Sulaiman. 1975. *Fiqh Sunnah*. Jakarta: At-Thahiriyyah.

Romli, A. Chodri. 1996. *Permasalahan Shalat Jum'at*. Surabaya: Pustaka Progresif.

Sabiq, Sayyid. 1973. *Fiqhus Sunnah*. Beirut: Dar al-Kitab al-Arobiah.

Shihab, Quraish. 1992. *Membumikan al-Qur'an*. Cétakan I. Bandung: Mizan.

\_\_\_\_\_ 1994. *Lentera Hati Kisah dan Hikmah*. Cétakan I. Bandung: Mizan.

\_\_\_\_\_ 1999. *Wawasan al-Qur'an*. Bandung: Mizan.

"Eusi ieu buku luyu pisan sareng visi oge misi Paguyuban Pasundan,  
pikeun ngaraketkeun tur ngawangun duduluran jeung jiwa nasionalisme  
oge ningkatkeun pangaweruh rakyat Indonesia."

**Prof. Dr. H.M. Didi Turmudzi, M.Si.**

# Wejangan ti Paimbaran

Bag-Bagan jeung Conto Hutbah



Islam teh Sunda, Sunda teh Islam. Lir ibarat uyah jeung asinna, gula jeung amisna. Eta kaayaan jeung kayakinan nu kalintang agungna, nu wajib dijaga, diriksa ku sakumna urang Sunda, ulah dugi ka pupus ku waktu, laas ku mangsa. Komo nyanghareupan sagala cucuk rungang kahirupan jaman kiwari nu leuwih beurat alabatan jaman kamari. Urang Sunda kudu bisa ngajiga, ngajega, ngajaga, jeung ngajago dina sagala widang tur sagala mangsa. Keur ngupayakeuna, diperlukeun tarekah nu langkung anteb ti sakumna urang Sunda.

Buku *Wejangan ti Paimbaran* medar ngeunaan prak-prakan hutbah (fikih hutbah), materi praktis hutbah Juma'ah, Idul Fitri sareng Idul Adha anu eusina patali sareng parentah jeung larangan Allah, kumaha ngajaga, ngariksa hubungan manusa jeung Allah, manusa jeung manusa, sarta manusa jeung alam. Materi tiasa langsung dianggo hutbah sareng biantara ku para wargi sadaya khususna para hotib oge mubaligh.

ISBN 978-602-7973-71-8

